



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMYE WIKENN LAPÈCH LIB 2022 A

Moun New York yo ka fè lapèch san yon lisans soti 19-20 fevriye

DEC ankouraje Nouyòkè yo pou yo pratike lapèch sou glas pandan yo deyò

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pwofite de premye Wikenn Lapèch Lib 2022 a, nan dat 19 ak 20 fevriye, lè pechè dlo dous yo gen dwa peche lib san lisans.

"Eta New York se fwaye anpil plas pou lapèch, epi mwen ankouraje pechè ki nouvo ak eksperimante yo alafwa pou pwofite de Jounen Lapèch Lib mwa fevriye chak ane a, ki bay tout moun chans pou apresye bon jan anviwònman gratis epi prezante fanmi ak zanmi yon nouvo pastan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Soti deyò pou eksperimante bote natirèl New York se yon fason ki pafè pou amize epi rechaje nan youn nan anpil destinasyon lapèch klas mondyal New York yo. Lè ou vizite pwen lapèch lokal ou an, sa bay amizman epi sèvi kòm pwodiktè ekonomik vital alafwa, ki sipòte ekonomi lokal yo nan tout eta a."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Wikenn lapèch lib fevriye chak ane a se yon moman pafè pou soti deyò epi dekovri varyete opòtinite lapèch nan New York epi pou moun k ap peche premye fwa yo ale nan dlo ki gen flas ki epè ase pou yo antre san danje epi fè yon esèy nan lapèch sou glas. Lapèch nan glas se yon bon fason pou konekte ak zanmi ak fanmi anplennè. Epi dlo ki pèmèt lapèch sou glas yo fasilman asosye ak lòt aktivite anplennè tankou ski sou glas, fè rakèt ak nan fon."

Nou ankouraje moun ki nouvo nan lapèch nan nèj yo telechaje [Chapit sou Lapèch nan Nèj](#) liv [I FISH NY Beginners' Guide to Freshwater Fishing \(M AP PECHE NAN NY, Gid pou Lapèch nan Dlo Dous\)](#) DEC a, pou enfòmasyon ou fason pou w kòmanse. Yon seri vidyeo pou pechè sou glas debitnan yo sou "kijan" dispostib sou [Kanal YouTube DEC a](#). Ou ka jwenn lòt enfòmasyon, ki gen ladan yon lis dlo kote yo pèmèt lapèch nan glas, sou paj entènèt [lapèch nan glas](#) DEC la.

Dènye tan frèt la amelyore kondisyon glas yo toupatou nan eta a. DEC raple moun k ap avantire yo sou glas la ke yo konsidere kat pou oswa plis glas solid san danje pou aksede ak mas dlo a a pye. Pechè nan glas yo ta dwe note ke epesè glas la ka varye

nan diferan mas dlo e menm sou menm mas dlo a. Pechè yo dwe mefye yo de zòn kote dlo yo an mouvman e bò kote waf ak kay kote yo ka enstale bil yo pou redwi akimilayon glas. Ou pa dwe konidere kote ki genyen tras moto nèj oubyen mak pye kòm yon prèv kondisyon sekirite nan glas la. Nou ankouraje moun yo anpil pou yo verifye kondisyon glas yo epi evite sitiyasyon ki sanble prezante menm si se yon risk a distans. Anvan ou teste epesè glas la ak yon taryè oswa spud, vizite sitwèb DEC a pou aprann plis <https://www.dec.ny.gov/outdoor/119684.html>.

Pwogram Jounen Lapèch Lib New York la te kòmane nan lane 1991 pou bay moun ki ta pa ka peche yo yon chans pou eseye amizman anrichisan sa gratis, pou entwodwi moun a nouvo lwazi, epi pou ankouraje moun sipòte jesyon lapèch nan dlo dous Eta lè yo [achte yon lisans lapèch nan Eta New York](#). Jounen lapèch liv fevriye a yo se premye pamplizyè ke yo planifye pou 2022 an. Lòt jou lapèch lib yo enkli 25 ak 26 jwen, 24 septanm (Jounen Lachas ak Lapèch Nasional), ak 11 novanm (Jounen Ansyen Militè). Pandan jounen lapèch lib yo, rezidan ak vizitè yo ka fè lapèch yon fason lib san yon lisans lapèch nan nenpòt nan 7,500 lak ak etan, oswa 112,654 kilomèt rivyè ak flèv yo eta yo. Tout lòt [règleman lapèch nan dlo dous](#) yo toujou aplike.

Lapèch ak lachas nan New York konstui yon sans jesyon resous pwason ak fòn ak abita yo, ki bay yon opòtinite pou chasè ak pechè ki eksperimente yo pataje konesans yo ak lòt moun, epi fè pwomosyon patisipasyon nan lachas, lapèch, ak tire rekreyatif atravè ankadreman jèn chasè ak pechè. Chasè ak pechè New York yo kontribye yon montan ki estime a 4.9 milya dola nan ekonomi an nan depans, ki sipòte plis pase 56,000 djòb ak 623 milyon dola nan taks Eta ak taks lokal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418